

Chè fanmi -

Sante ak byennèt elèv, fanmi, ak estaf Vil Nouyòk se priyorite enpòtan pou Depatman edikasyon ak pou pwogram nou an. Nou ta renmen pataje kèk enfòmasyon enpòtan avèk ou osijè kantite ka lawoujòl ki ogmante nan zòn ou an sèjousi. Jou 9 avril la, Komisè sante a [bay lòd pou](#) (PDF) chak adilt ak timoun ki abite oswa ap travay nan zòn kòd postal (ZIP codes) 11205, 11206, 11211 ak 11249 epi ki pat resevwa vaksen kont lawoujòl, malmouton ak ribeyòl, pou y al vaksine. Vaksinasyon se pi bon fason pou prevni lawoujòl. Nenpòt moun ki te deja resevwa de dòz vaksen MMR la gen pakèt chans pou yo pa gen enfeksyon sa a.

Kòm yon rapèl, Lwa sante piblik eta Nouyòk mande pou tout elèv, eksepte sa ki gen egzanpsyon apwouve yo, pran vaksen oswa montre yo gen iminite pou lawoujòl pou yo ka ale nan lekòl. Ou ka wè [vaksen ki obligatwa pou lekòl yo la a](#) oswa ale nan [www.nyc.gov](http://www.nyc.gov) epi chèche vaksen ki obligatwa pou lekòl yo.

Lawoujòl se yon enfeksyon ou pran apati yon viris ki koze lafyèv ak gratèl. Pami konplikasyon ou ka genyen avèk enfeksyon sa a, gen nemoni, anflamasyon sèvo, ospitalizasyon ak menm lanmò. Se yon enfeksyon ki kontajye anpil epi nenpòt moun ki pa vaksine kont viris la kapab pran l a nenpòt laj.

Nou ankouraje w pou asire tout manm fanmi w resevwa vaksen kont lawoujòl. Si w pa fin asire si pitit ou a deja resevwa vaksen an, tcheke ajan medikal pitit ou a pou konfime yo te resevwa vaksen oswa yo iminize kont lawoujòl. Pou konnen kòman fanmi ka jwenn vaksen, ale nan yon [klinik vaksen](#) oswa rele 311.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte [earlychildhoodpolicy@schools.nyc.gov](mailto:earlychildhoodpolicy@schools.nyc.gov).

Mèsi.

Biwo DOE pou Edikasyon Debitan

